# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु लखनऊ में प्रदेस कैबिनेट क बइठकी सम्पन्न भइल। येह बइठकी में तबादला नीति के लेके इकतालिस प्रस्तावन के कैबिनेट क मंजूरी मिलल। कैबिनेट बरेली में फ्यूचर यूनिवर्सिटी अउर गाजियाबाद में एचआरआईटी यूनिवर्सिटियो के मंजूरी दिहलस। कैबिनेट की ओर से फैसला क हिसाब से लखीमपुर खीरी में हवाई अड्डा बनावल जाई। आईआईटी कानपुर में मेडिकल रिसर्च सेंटर अउर पांच सौ बेड क सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल बनवलहू क कैबिनेट मंजूरी दिहलस।

**********

प्रदेश क पूर्व मुख्यमंत्री अउर समाजवादी पार्टी क अध्यक्ष अखिलेश यादव मैनपुरी के करहल विधानसभा सीट से इस्तीफा दीहें। उहां के कन्नौज से संसद सदस्य के तौर पर आपन राजनीतिक जिम्मेवारी के आगे बढ़ाइब। कन्नौज क जनता येह बेरि के लोकसभा चुनाव में उन्हें सांसद चुनले हवे। उहां के दुई हजार बाइस के विधानसभा चुनाव में मैनपुरी के करहल सीट से विधानसभा बदे चुनल गइल रहले। इटावा जिला में एगों पत्रकार वार्ता में श्री यादव कहलें कि उहां के जल्दिये विधानसभा अध्यक्ष के अपने येह फैसला क जनकारी दीहें।

ओहर प्रदेश क लोकनिर्माण मंत्री जितिन प्रसाद आजु राज्य विधानमंडल के सदस्यता से इस्तीफा दे दिहले। उहां के विधान परिषद क सदस्य रहलीं। दुई दिन पहिले उहां के नरेंद्र मोदी सरकार में मंत्री पद की सपथ लिहलें हवे।

**********

प्रधानमंत्री पद क तिसरकी बेरि शपथ लिहले के बाद श्री नरेन्द्र मोदी अट्ठारह जून के पहली बेरि अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी आ रहल हवे। अपने एक दिवसीय कार्यक्रम के दौरान उहां के बनारस में किसान सम्मेलन के सम्बोधित करबि। प्रधानमंत्री के आगमन के लेके काल्हि भाजपा पदाधिकारी पार्टी कार्यालय पर एगो बइठकी कइलें जिहमें काशी क्षेत्र के क्षेत्रीय अध्यक्ष प्रधानमंत्री के कार्यक्रम क जानकारी दिहलें। क्षेत्रीय अध्यक्ष बतवले कि किसान सम्मेलन के सम्बोधित कइले के बाद प्रधानमंत्री श्रीकाशी विश्वनाथ क दर्शन–पूजन करिहें अउर दशाश्वमेध घाट पर गंगा आरती में हिस्सा लीहें।

**********

देश में नया आपराधिक कानून एक जुलाई से लागू हो जाई। नया आपराधिक कानून से मानव तस्करी के खिलाफ कानूनी ढांचा मजबूत भइल हौ। भारतीय न्याय संहिता–बीएनएस दुई हजार तेइस में मेहरारून अउर बाल तस्करी खातिर पीड़ित केन्द्रित दृष्टिकोण हवे। एकरे तहत संगठित अपराध में नया सामिल कइल गइल अपराधन में कउनों मनई क तस्करी अउर वेश्यावृत्ति आ फिरौति बदे मानव तस्करी सामिल हौ अउर कड़ेर सजा का प्रावधान हौ। वेश्यावृत्ति बदे लइकन के खरिदले के मामिला में बढल सजा का प्रावाधान कइल गइल हौ, जेहमें कम से कम सात सालि क जरूरी सजा हौ, जेहके चउदह साल ले बढावल जा सकेला। विदेस से मनइयन के आयात के अपराध के लिंग तटस्थ बनावल गइल हवे येहमें जबरन चाहे बहकावे से यौन सोसण के उद्देस्य से अट्ठारह बरिस से कम उमरि के लइकन अउर इक्कइस सालि से कम उमरि के लइकनिनि दुन्नू के आयात के सामिल कइल गइल हौ। मानव तस्करी के उद्देस्य से सोसण अभिव्यक्ति में भिक्षावृत्ति के जोड़ल गइल हवे। बीएनएस दुई हजार तेइस में आदतन मानव तस्करी में लिप्त मनई बदे बढ़ल सजा क प्रावधान कइले गइल हवे।

**********

आवे वाले एक्कइस जून के अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस मनावल जाई। एके सफल बनावे खातिर भारत सरकार क आयुष मंत्रालय सोशल मीडिया प्लेटफार्म्स के जरिया से लेगिन से योग अभ्यास क अपील कइ रहल हवै। मंत्रालय योग बदे प्रधानमंत्री पुरस्कार दुई हजार चौबीस क सुरूआत कइले हवे, जेकर उद्देस्य ओह नायकन क पहिचान कइल हवे जवन दुनिया भर में योग के फायदा के बारे में परचार परसार कइ रहल हवे। येह पुरस्कार बदे पात्र लोगिन से ढेरि से ढेरि नामांकन करे क अपीलि कइल गइल हवे।

**********

स्वाधीनता संग्राम के प्रमुख सेनानियन में एगो अमर शहीद पंडित राम प्रसाद बिस्मिल क जयंती आजु प्रदेस भर में उछाह के साथ मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर लोगि सरधांजलि देके उनके प्रति कृतज्ञता जता रहल हवे। गोरखपुर मण्डलीय जेल मे उनकरे बलिदान स्थल पर आजु भिन्नही से सरधांजलि देवे वालन का तांता लागल बा। पंडित बिस्मिल के पैतृक सहर शाहजहांपुरों में येह मौका पर सरधांजलि कार्यक्रम आयोजित कइके अजादी के येह महानायक के याद कइल गइल।

**********

प्रदेश के सज्जों जिलन में गरमी क परकोप जारी बा येहके चलते लोगिन क जिनगी परभावित हो गइल हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग अगिला तीन दिन खातिर रेड अलर्ट जारी कइले हवे येह दौरान पचीस से पैंतीस किलोमीटर प्रतिघंटा के रफ्तार से गरम बेयारि चलले क अनेसा मौसम विभाग जतवले हवे। ओहर बीतल चउबीस घंटा में पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, देउरिया, महराजगंज अउर बस्ती के लेके करीब सज्जों जिलन में अधिकतम तापमान चालीस डिगिरी से उप्पर दरज कइल गइल। कई जिलन में न्यूनतम तापमानो में बढ़ोत्तरी पावल गइल हवे।

**********